

## **MAJISTRA WU ANONSE KE LI LANSE POU DEZAN BYON PWOGRAM GRATIS POU OTOBIS MBTA POU WOUT 23, 28, AK 29 KAP KÒMANSE 1 MAS 2022.**

BOSTON - Mèkredi, 9 Fevriye 2022 - Majistra Michelle Wu jodi a te anonse ke Vil Boston ap lanse yon pwogram dezan pou pa peye lajan pou MBTA otobis ki sou wout 23, 28, ak 29 nan dat 1ye Mas 2022. Pwogram sa a ap kontinye pwogram pilòt ki te gratis sou wout 28 la ki te gen anpil siksè e li elimine frè pou de lòt wout otobis ki enpòtan yo. Otobis gratis yo pèmèt ou monte nan tout pòt, sa ki fasilite blokis ak akselere sèvis otobis yo. Pasaje yo ap toujou gen pou yo peye pou transfè nan lòt wout ak sèvis MBTA yo. Majistra a te fè anons la nan Grove Hall epi li te vizite biznis yo nan katye a pou pataje enfòmasyon de nouvo pwogram nan ak Chèf Lari yo Jascha Franklin-Hodge ak Manadjè Jeneral MBTA Steve Poftak.

Majistra Michelle Wu te di: "Pwolongasyon gratis pou transpòtasyon piblik nan Wout 23, 28, 29 ap konekte kominote nou yo pi byen, lap ogmante kantite pasaje yo, epi fasilite konjesyon pou tout rezidan nou yo. "Pandan ke nap travay pou asire ke tout rezidan yo konnen pwogram sa a, nou swete ke sa se jis yon kòmansman aksè ak transpòtasyon piblik gratis nan Boston. Mwen kontan anpil pou m asosye ak MBTA pou pwolonje pwogram sa a ki reyisi e mwen kontan pou-m kontinye travay avèk patnè nou yo atravè Commonwealth la pou-n konstwi yon sistèm transpò dirab, fyab, aksesib, ak abòdab kap vrèman sèvi rezidan nou yo ak ekonomi lokal nou an."

Chèf Lari yo Jascha Franklin-Hodge di ke "anons jodi a vrèman enteresan." "Nou planifye pou-n sèvi ak de ane sa yo pou-n aprann kijan sa kapab afekte desizyon vwayaj moun yo lè transpòtasyon piblik la gratis, amelyore pèfòmans otobis la li menm, epi pote benefis adisyonèl pou pasaje ak kominote yo sou wout sa yo."

"Nou te kontan pou-n kolabore ak Vil la sou Wout 28 pilòt la epi kounyea pou nou pwolonje avèk pwogram nan pou enkli lòt wout sa yo pou dezan kap vini yo," deklare Manadjè Jeneral MBTA Steve Poftak. "Benefis ke kliyan yo te fè eksperyans sou 28 la ap etann nan yon pi gwo gwoup de pasaje, epi nou apresye volonte Vil Boston ki fè sa posib paske yo bay lajan pou sa."

**"Fevriye se Mwa Ekite Transpò nan Boston.** Mela Bush Miles, Direktè Devlopman Oryante Transpò nan Altènatif pou Kominote ak Anviwonman (ACE) di ke pou plis pase 7 ane ki sot pase yo, nou menm kòm defansè transpòtasyon piblik yo te devlope yon vizyon pou transpò gratis, "Sa a se yon vizyon ke lè li rive. Twa wout otobis gratis se jis yon kòmansman an, nou reyèlman kontan de pwogram sa a. Transpòtasyon piblik dwe gratis pou tout moun epi yo dwe finanse-l menm jan ak lòt sèvis piblik yo. Pi vèt, otobis ki pi pwòp, pi vit ak abòdab se yon viktwa pou tout moun, kit yo itilize transpòtasyon piblik ou non. Fè Transpò gratis!"

Stacy Thompson, Direktè Egzekitif Livable Streets Alyans, di konsa, "Sèvis otobis gratis yo te reyisi atravè Commonwealth la ak nan vil Boston, sa ki te ede soulaje chaj finansye yo,

ogmante kantite pasaje otobis yo, epi akselere sèvis otobis yo,” Ekstansyon sa ap kreye yon lòt mouvman nan objektif nou pataje pou bay sèvis otobis gratis nan tout MBTA.”

.Wout Otobis 23 (Ashmont rive Dorchester Center, Grove Hall & Ruggles), wout Otobis 28 (Mattapan Square, monte Blue Hill Ave. rive nan Nubian Square & Ruggles) ak wout Otobis 29 (Mattapan Square, monte Blue Hill Ave. rive Jackson Square) yo chak sèvi yon gwoup pasaje diferan, epi tou lè twa kondwi sou Blue Hill Avenue, yon koridò enpòtan ki konekte pasaje ki pa byen sèvi nan rezo transpò ki deja egziste. Blue Hill Avenue te idantifye pa Livable Streets Alyans kòm youn nan koridò yo ki ta dwe gen priyorite pou amelyorasyon pou yo kapab ogmante konfyans ak ogmante kantite pasaje yo, ke Vil la ap travay pou adrese avèk Plan Redesen Blue Hill Ave an.

Twa wout sa yo se kèk nan wout ki gen pi plis pasaje nan tout Vil Boston. Route 23 sèvi plis pase 100,000 pasaje chak mwa, pase pa Madison Park Lekòl Segondè Teknik Vokasyonèl, Grove Hall Branch Bibliyotèk Piblik nan Boston ak plizyè pou moun adore. Wout la kwaze tou ak Columbus Avenue, premye liy otobis lakay ki fè transpòtasyon nan New England, ki demontre potansyèl pou konbine transpò gratis ak enfrastruktir transpòtasyon modèn nan pou diminye polisyon lè lokal la, fasilite anbouteyaj ak akselere sèvis. Aprè yo te elimine frè otobis yo nan mwa Out 2021, Route 28 te wè pasaje yo ogmante a plis pase 90 pousan nan nivo avan pandemi an ak plis pase 12,000 pasaje chak jou, sa ki fè li wout ki pi popilè nan sistèm nan. Wout 29 kwaze ak Wout 28 epi pase Egleston Square Branch Bibliyotèk Piblik Boston, ak plizyè Biwo pwojè pou Lojman nan Boston, ki enkli Apatman Franklin Field ak Doris Bunté.

Peggy James di ke “Otobis 28 ki gratis la se yon benediksyon pou mwen menm ak kominote mwen an,” pasaje otobis MBTA 28 ak rezidan Boston yo. “Tout aktivite mwen fè chak jou, tankou al fè makèt, ale fè lesiv, ak al pran medikaman mwen yo, te vin pi fasil gras ak pwogram sa a. Depi yo te aplike pwogram gratis la pou otobis la, transpò mwen yo te vin pi agreyab, ak mwens pwoblèm ak reta nan estasyon otobis yo sou wout la.”

Brittany Appleberry, pasaje otobis MBTA 28 ak rezidan Boston di, “Se yon gwo konvenyans pou m konnen mwen pa bezwen enkyete sou kèk nan chaj finansye pandemi sa a te vin avèk li. “Se byen pou-m konnen mwen kapab pran otobis gratis epi kontinye jwenn menm sèvis la. Mwen ta vle remèsye Majistra Wu ak tout moun ki te patisipe nan pilòt sa a.”

Depatman Transpòtasyon nan Boston ap travay ak MBTA pou jere pwogram pilòt otobis 28 ki te premye lanse nan mwa Out ane pase a, ki gen ladan yon asosyasyon pou yon evalyasyon konplè sou pilòt otobis Wout 28 la. Evalyasyon an gen ladan analiz enfòmasyon sou kantite pasaje ak fiabilite sèvis yo ansanm ak entèvyou ak pasaje bis yo pou jwenn opinyon yo sou benefis pilòt la. Analiz la sijere ke lè yo pèmèt monte tout pòt yo, sèvis san pri tikè yo te redwi tan rete – kantite tan bis la te kanpe pou pèmèt pasaje yo monte – diminye pa plis pase 20 pousan. Yon evalyasyon konplè sou pwogram pilòt Otobis Wout 28 la ap disponib pita nan mwa sa a sou [boston.gov](http://boston.gov)

Vil Boston ak MBTA yo te reyini regilyèman epi yo te fè yon asosyasyon pou travay sou spesifik pwogram nan epi bay pasaje yo benefis sèvis gratis. Pwogram nan pral finanse pa alokasyon ARPA \$8 milyon. Vil yo nan tout Commonwealth la ak Etazini yo deja bay pasaje yo benefis sèvis gratis, epi kèk vil ap swiv dirijan Boston epi chèche konnen kijan pou yo bay rezidan yo benefis sèvis gratis.

Agrandisman pwogram sa a pral bay Vil Boston, MBTA ak lòt patnè transpòtasyon piblik yo opòtinite pou yo mezire benefis sèvis otobis gratis, tankou ogmantasyon pasaje, otobis ki pi rapid, mwens trafik, ak devlopman biznis, sou yon peryòd de tan ki pi long. Dire pwogram nan pral pèmèt Vil la asire tou ke chak rezidan konnen sèvis gratis la a epi bay rezidan yo yon opòtinite pou yo entegre monte otobis la nan woutin chak jou yo.

Pwogram otobis gratis dezan etann pou wout otobis 23, 28, ak 29 MBTA yo bati sou travay Majistra Wu fè pou fè transpò piblik yon byen piblik, kòmanse ak sèvis otobis. Nan mwa Desanm, Konsèy Vil Boston te vote pou apwouve lòd pwovizyon Majistra Wu a pou 8 milyon dola nan fon federal pou elimine frè sou wout otobis 23, 28 ak 29 MBTA yo pou yon peryòd de dezan. Vil Boston an asyosye avèk MBTA, pwolonje otobis gratis pou Wout 28 la jiska Janvyè ak Fevriye lè l sèvi avèk lajan ki soti nan alokasyon 8 milyon dola de ARPA.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram otobis gratis la, vizite [www.boston.gov/free-bus](http://www.boston.gov/free-bus)